



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON FEDERAL POU DEKLARASYON GWO DEZAS POU TANPÈT GRAV NAN DAT 31 OKTÒB

Gen asistans piblik ki bay ak 18 konte pou domaj ki gen rapò ak tanpèt

Gouvènè a mande FEMA pou bay finansman pou Pwogram Asistans Endividyèl la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon deklarasyon gwo dezaz ke gouvènman federal la te pibliye pou 18 konte ki te sibi domaj pandan gwo tanpèt yo ak inondasyon sibi nan dat 31 Oktòb ak 1ye Novanm 2019. Ak deklarasyon sa a, FEMA te valide estimasyon gouvènman eta ak lokal yo ki te deklare ke plis pase 33 milyon dola nan depans pou pote repons yo ak domaj enfrastrikti yo te rive apre tanpèt yo. Apwobasyon sa a se pwochen etap pou jwenn asistans finansye nan men gouvènman federal la pou pèmèt kominote lokal yo kontinye retabli ak rekonstwi. Atravè pwogram Asistans Piblik FEMA a, yo ka resevwa ranbousman pou aktivite tankou retire debri, mezi pwoteksyon nan ka ijans ak reparasyon ak rekonstriksyon enfrastrikti piblik tankou wout, lekòl piblik, pon, pak, lopital, estasyon lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

18 konte yo ki fè pati deklarasyon an se Konte Chautauqua, Chenango, Cortland, Erie, Essex, Fulton, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Lewis, Madison, Montgomery, Oneida, Oswego, Otsego, Saratoga, Tioga ak Warren.

"Gouvènman federal la te valide evalyasyon ekspè nou yo sou domaj tanpèt sa te lakòz nan enfrastrikti piblik la men se sèlman premye etap nan jwenn asistans nou bezwen pou ede kominote sa yo tounen konstwi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te sou plas nan maten apre tanpèt la e te pèsonèlman temwen gwo domaj plizyè santèn kay te sibi e gouvènman federal la dwe fè pati pa li kounye a pou garanti fanmi sa yo jwenn touswit finansman yo bezwen pou repare ak rekonstwi lavi yo."

Gouvènman federal la poko deside sou demann New York la pou jwenn finansman pou sipòte mèt kay yo nan kad pwogram Asistans Endividyèl la. [Demann](#) Gouvènè a te eksplike an detay kijan 18 kay te detwi, 135 te sibi gwo domaj, 136 te sibi ti domaj ak 110 tanpèt la te afekte yon lòt fason.

Avèk piblikasyon deklarasyon federal dezaz la, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a pral travay ansanm ak patnè lokal yo pou idantifye pwojè retablisman yo pou aplike pou ranbousman atravè pwogram Asistans Piblik la. Lè sa a, FEMA pral revize pwojè yo pou kalifikasyon epi mennen vizit sou teren avèk responsab lokal ak Divizyon an pou

evalye ak konbine pwojè yo, jan sa nesesè. Yon fwa yon pwojè idantifye epi premye vizit teren an te fèt, pèsònèl nan Divizyon FEMA a ak lokalite a pral devlope Fèy Travay Pwojè a, ki gen ladan yon deskripsyon domaj, gwosè travay ak estimasyon depans. Apre yon revizyon kalifikasyon final FEMA, yo pral bay pwojè a finansman.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta a, Patrick A. Murphy, te deklare, "Tanpèt Halloween ane sa te gen yon efè devastatè sou pati nò nan New York epi ajans yo nan eta a kontinye travay ansanm ak patnè lokal yo sou evalyasyon ak reparasyon domaj Manman Lanati lakòz. Avèk gouvènman federal la k ap fè sa ki dwat la epi tandè apèl Gouvènè a pou yon deklarasyon gwo dezaz, ki afekte kominote yo, kounye a gen kapasite pou jwenn aksè ak finansman ki enpòtan pou tounen konstwi".

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) ak done Rezo Mezi Mezo-echèl (Mesonet) Eta New York la montre ke pati nò New York te resevwa ant de ak senk pous lapli jeneralize avèk kantite izole jiska sèt pous pandan tanpèt la. Menm si li te kòmanse 31 Oktòb epi te dire jiska 1ye Novanm, pifò lapli an te tonbe pandan yon peryòd sis èdtan. Tanpèt la te pwodui gwo lapli, inondasyon sibit ak van vyolan. An verite, inondasyon an te rive nan nivo rekò nan Rivyè West Canada nan Baraj Hinckley la ak Pon Kast la, Rivyè Sacandaga nan Hope ak Rivyè Mohawk nan Little Falls. Gen rezidan nan Mohawk Valley ki te bezwen pou yo evakye yo tou, pami yo rezidan nan Vilaj Frankfort nan Konte Herkimer toupre Rivyè Moyer epi nan Chadwicks nan Konte Oneida toupre Rivyè Sauquoit. Te gen karant manm eta ak lokal nan Fòs Entèkansyon 2, ekip sovaj nan gwo dlo Eta a, ki te sove 65 moun ak 14 zannimo pandan tanpèt la.

Pandan dire tanpèt la, te gen plis pase 100 wout eta ki te donmaje, fèmèn oswa apa sa enpratikab pandan ensidan an te pi mal poutèt dlo inondasyon ki te kouvri plizyè wout, pon ak kannivo. Dega yo te gen pou kòz plizyè faktè ki gen pou wè avèk meteyo soti nan ewozyon akotman wout ak dega nan pon, rive nan destriksyon konplè kannivo ak wout. Ekip sèvis piblik yo te gen pou remete kouran tou pou plis pase 650,000 kliyan kouran elektrik ki te viktim gwo lapli an, gwo van yo ak rafal yo ki te frape Eta New York depi nan 31 Oktòb rive nan 2 Novanm. Pandan sa te pi mal, te gen 246,621 kliyan nan blakawout.

Nan dat 1ye Novanm, Gouvènè a [te deklare yon eta ijans](#) pou konte Cayuga, Chautauqua, Cortland, Dutchess, Erie, Essex, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Montgomery, Oneida, Saratoga ak Warren. Anvan sa, pandan ak apre tanpèt la, Gouvènè Cuomo te mande tou deplwaman yon gran evantay ekipman entèkansyon eta soti nan plizyè ajans eta, plizyè santèn manm pèsònèl eta, manm Gad Nasyonal (National Guard) ak diferan lòt resous pou ede lokalite yo avèk operasyon entèkansyon ak netwayaj. Gouvènè a [te tabli nèf Sant Sèvis Asistans nan Ka Dezaz \(Disaster Assistance Services Centers\)](#) tou nan Mohawk Valley ak North Country touswit apre tanpèt la pou bay rezidan yo sèvis rekonstriksyon ke òganizasyon eta, konte ak ki pa gen bi fè pwofi yo te ofri.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou efò pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reyaji a, epi rekipere apre atak teworis, katwastwòf natirèl ak sa moun lakòz yo, ak lòt ijans. Pou jwenn plis

enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), ak [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)